

Rankontre NÈS LEKÒL la



Byenvini

Bonjou, epi byenvini nan lekòl la. Non pa


m se Brandie Acevedo, moun plis konnen m sou non "Nurse Brandie". Mwen se Enfimyè Lekòl nan Lekòl Primè Gerald Adams la (Gerald Adams Elementary). Mwen santi m trè kontan rewè nou tout ankò menm jan m kontan rankontre kèk nan nou pou premye fwa. Mwen swete pou ane lekòl sa a se pou nou jwaye epi an sante. Nou ka fè sa lè n pratike bon ijjèn, lè n byen lave men nou, epi lè n aprann gen abitid ki pèmèt nou ret an sekirite epi an sante yo.



Nès Brandie

Enfòmasyon sou mwen

Mwe fèt epi m leve isit la nan Key West, mwen t al lekòl nan Poinciana, nan HOB epi m gradye nan Lise Key West la an 2002. Apre Lise a, mwen t al kontinye etid mwen nan Kolèj Florida Keys la (College of the Florida Keys) kote m te resevwa yon AA (yon Diplòm Inivèsité nan Boza) epi yon Diplòm Inivèsité nan Swen Enfimye. Aprè m te deside kite zòn nan pou m te swiw rèv mwen ki se pou m te devni yon enfimyè pedyatrik. An 2015, mwen te resevwa yon Lisans nan Syans Enfimyè epi yon manb kouwone nan Sosyete Donè Sigma Theta Tau (Sigma Theta Tau Honor Society). 12 ane karyè m nan pa t mwens pase yon karyè estwòdinè ki ban mwen yon bann ak yon pakèt espryans. Pami tout akonplisman sa yo, mwen plis fyè dèske m se yon Enfimyè Newoloji/Newochiriji nan Lopital pou Timoun Nicklaus (Nicklaus Children's Hospital). Pandan karyè m nan NCH, mwen te yon Mètrès Monitris nan kesyon Enfimyè, yon Defansè Sekirite pou Pasyan yo, mwen te resevwa yon prim "Blue Chip" pou Ekselans nan Pran Swen Pasyan epi yon Sètifikasi nan Swen Enfimye Pedyatrik. Lanmou ak Lajwa pote m tounen sou zile a depi 4 lane. An Septanm 2021 mwen te byen kontan lè yo te anplwaye m kòm yon Enfimyè Lekòl epi ane Lekòl 2023-2024 la se selebrasyon 4èm ane m. Mwen santi m onore pou m fè pati fanmi Gerald Adams la. Mwen vrèman renmen m kòm yon enfimyè epi m pran plezi nan vin travay pou m pran swen tout moun ki nesesite m.



Enfòmasyon Enpòtan sou Klinik la

Antesedan Medikal/Fòmilè pou kontak ann ijans Li obligatwa pou paran an ranpli epi siyen l epi pou l retounen l nan klinik la. Li esansyèl pou nou ka bay swen.

Tès Depistaj Sante yo yo fèt chak ane lekòl pandan sezon otòn nan pou elèv ki nan kindègadenn, 1mye ak 3èm ane yo. Li ede n adrese pwoblèm swen sante yo an jeneral tankou pou kesyon linèt.

Pwogram pou Je Heiken Se yon pwogram gratis ki bay posiblite pou fè egzamen je ak linèt. Anrejistre nan <https://mobile.floridaheiken.org/>

Pwogram Selan Dantè Se yon egzamen pou dan ki gratis nou ofri elèv 2èm ane yo chak ane. Tanpri enskri nan bél pwogram sa a.

Kolaborasyon ak paran yo, pwofesè yo, administratè yo ak estaf la esansyèl nan ede klinik la bay pi bon swen pou elèv yo ki nan Lekol Primè Gerald Adams la.

Kontakte m

Tanpri santi w alèz pou w kontakte m si w gen nenpòt kesyon, kòmantè, oubyen enkyetid.



305-293-1609 ekstansyon. 51308 (M-F 7:45-3:30)



Brandie.Acevedo@keysschools.com

Kowòdinatris Sante Lekòl nan Konte Monroe
(Sipèvizè tout lekòl ki nan zòn nan.)



Dana.Portillo@flhealth.gov



305-587-7703